

NOU VOYE YON DOKIMAN TAKS ENPÒTAN POU OU

Oumenm oswa manm fanmi ou pa t jwenn èd pou peye pou asirans sante oswa pou kèk mwa oswa tout mwa ane 2015 lan epi ou ta ka bezwen fòm sa a pou fòm deklarasyon taks federal ou

Oumenm oswa yon manm fanmi ou te gen asirans sante avèk Marketplace nan ane 2015 lan men ou pa t resevwa èd pou peye li nan kèk mwa oswa nan tout mwa ane 2015 lan. Selon revni ou, ou ta ka toujou kapab resevwa èd nan peryòd taks la. èd la ap vini sou fòm yon kredi nan taks (ki rele Kredi nan Taks pou Peman Asirans Pa Mwa oswa PTC) ki kapab ogmante ranbousman ou oswa diminye kantite lajan taks ou dwe pou taks federal sou revni pou ane 2015 ou.

Lè ou ranpli fòm deklarasyon taks federal sou revni ou, itilize Fòm 8962 IRS pou detèmine si ou kapab resevwa èd sa a. Si Fòm 8962 IRS fè ou konnen revni ou pi plis pase 400% Liy Federal Povrete (Poverty Line, FPL), ou pa kalifye pou èd la. Ou kapab jwenn Fòm 8962 sou sitwèb www.irs.gov.

MEN KIJAN POU JWENN ÈD LA

Si revni ou nan oswa anba 400% Nivo Federal Povrete (Federal Poverty Level, FPL), men kijan pou jwenn èd la. Lè ou ranpli fòm taks federal ou, ranpli Fòm 8962 IRS avèk Fòm 1095-A ou jwenn nan ak Tablo Peman pa Mwa ou jwenn nan. Fòm 8962 IRS ap fè ou konnen ki kantite èd ou kapab resevwa.

LI ENPÒTAN POU OU POU KONNEN...

POU KISA OU KA JWENN LÒT FÒM YO

W ap jwenn yon Fòm 1095-A pou chak plan sante Bwonz, Ajan, Lò oswa Platin oswa pou plan yon manm fanmi ou te enskri pandan ane 2015 lan. W ap jwenn plis pase yon Fòm 1095-A si ou te gen chanjman nan pwoteksyon Marketplace pandan ane 2015 lan. Yo pa voye Fòm 1095-A pou plan ki Koute Chè Anpil oswa pou plan Medicaid oswa Child Health Plus paske plan sa yo pa kalifye pou kredi nan taks.

Anplis Fòm 1095-A, li posib pou ou jwenn lòt fòm taks enpòtan. Fòm sa yo se **Fòm 1095-B** ak **1095-C**.

Si oumenm oswa yon manm fanmi ou te enskri nan Medicaid oswa nan Child Health Plus nan New York nan yon moman nan ane 2015 lan, w ap resevwa Fòm 1095-B nan Eta New York. Si ou te enskri nan lòt kalite pwoteksyon yo – tankou plan ki Koute Chè Anpil, Pati A oswa C Medicare, TRICARE, avantaj nan Depatman Afè Veteran (Department of Veterans Affairs), oswa sèten asirans sante patwon ou kotize, –w ap resevwa Fòm 1095-B oswa Fòm 1095-C nan lòt sous yo. Marketplace bay sèlman Fòm 1095-A epi yo pa bay Fòm 1095-B oswa Fòm 1095-C.

**FASON POU
JWENN
REPONS POU
KESYON OU YO**

Si ou gen kesyon konsènan Fòm 1095-A, kredi nan taks oswa Tablo Peman pa Mwa a **ale sou sitwèb <http://info.nystateofhealth.ny.gov/TaxCredits>** oswa **rele Liy èd Defansè Sante Kominote (Community Health Advocate) nan nimewo 1-888-614-5400.**

Si ou panse nou te fè yon erè nan Fòm 1095-A ou, rele NY State of Health **san pèdi tan nan nimewo 1-855-766-7860** pou nou kapab korije dosye a.

Si ou gen yon kesyon konsènan fòm taks 1095-B oswa 1095-C ou te ka resevwa, rele nimewo ki endike sou fòm sa yo.

Si ou gen kesyon konsènan Fòm 8962 oswa si ou gen lòt kesyon ki konsène taks, ale sou sitwèb **www.irs.gov**.

FASON POU UTILIZE TABLO OU JWENN NAN POU JWENN PEMAN SLCSP PA MWA POU FÒM 8962

Etap 1.

Jwenn konte kote ou t ap viv la pandan chak mwa ane 2015 lan.

Etap 2.

Jwenn tit kolòn (antravè) ki pi byen dekri fanmi pwoteksyon ou. Lis ki anba la a ap ede ou jwenn tit ki kòrèk la.

Fanmi pwoteksyon ou gen ladan tout moun ki nan fanmi taks ou ki enskri nan yon plan sante Marketplace epi ki retire nenpòt moun ki te kalifye pou lòt pwoteksyon tankou: Medicaid, Child Health Plus, Pati A oswa C Medicare, TRICARE, avantaj nan Depatman Afè Veteran (Department of Veterans Affairs), ak pi pwoteksyon patwon kotize.

Etap 3.

Chwazi kantite lajan nan kolòn ki opoze ak konte kote w ap viv la epi kantite lajan sa a se peman SLCSP pa mwa ki aplike pou konte kote w ap viv la ak fanmi pwoteksyon ou chak mwa.

Si ou te demenaje yon konte pou ale nan yon lòt pandan ane 2015 la, ou dwe chwazi peman pa mwa pou chak mwa ou t ap viv nan chak konte. Epitou si fanmi pwoteksyon ou te chanje pandan ane 2015 lan, ou dwe chwazi peman pa mwa ki apwopriye a pou chak mwa. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou ranpli fòm sa a, li Piblikasyon 974 IRS ak enstwiksyon pou Fòm 8962 IRS.

FANMI PWOTEKSYON OU GEN LADAN ...

ITILIZE KOLÒN ...

OUMENM. Ou se sèl moun ki nan fanmi pwoteksyon ou.

YON MOUN

OUMENM plis MADANM/MARI OU. Oumenm ak madanm/mari ou nan menm fanmi pwoteksyon an.

KOUP

OUMENM plis MADANM/MARI OU. Oumenm ak madanm/mari ou enskri nan menm plan an **men okenn nan nou pa t gen aksè nan lòt MEC.**

YON MOUN

OUMENM plis PATNÈ NAN KAY OU. Oumenm ak patnè nan kay ou enskri nan **menm** plan an men nou nan fanmi pwoteksyon ki diferan.

YON MOUN

OUMENM plis TIMOUN (YO). Oumenm ak timoun (yo) enskri nan menm plan an.

YON MOUN + TIMOUN YO

OUMENM plis yon TIMOUN. Oumenm ak yon timoun enskri nan menm plan an **men okenn nan nou pa t gen aksè nan lòt MEC.**

YON MOUN

OUMENM, MADANM/MARI OU plis TIMOUN (YO). Oumenm, madanm/mari ou oswa patnè nan kay ou ak timoun (yo) enskri nan menm plan an.

KOUP + TIMOUN YO

YON TIMOUN Sèlman. Pitit ou poko gen laj 21 ane epi li enskri nan plan pa li.

TIMOUN SÈLMAN